

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa mangrupa hiji hal nu penting dina kahirupan manusa, ari sababna manusa bisa nyarita jeung sasamana. Basa bisa miboga fungsi lamun nu diajak nyaritana paham kana maksud nu dicaritakeun. Biasana kahartina omongan urang lamun nu diajak nyarita atawa nu ngadéngékeunana bener dina maham kana naon-naon maksud ucapan nu dicaritakeun.

Dina hakékatna fungsi utama basa nyaéta alat komunikasi. Kusabab kitu, pagajaran basa digiring sangkan siswa parigel dina nyarita, boh lisan boh tulisan. Pangajaran basa salian ti ningkatkeun kaparigelan makéna basa, ogé pikeun ningkatkeun kamampuh mikir, nepikeun gagasan, perasaan/émosi, pamadegan, kahayang, nepikeun informasi ngeunaan hiji kajadian, jeung kamampuh ngajembaran wawasan.

Pangajaran basa ogé diarahkeun kana hakékat basa minangka alat komunikasi. Sakumaha nu dipikawanoh, yén ayeuna oriéntasi pangajaran basa robah tina pangajaran aspék wangun ka pangajaran nu ngutamakeun kana aspék fungsi. Salah sahiji fungsi basa nyaéta pikeun alat ngaraketkeun masyarakat anu baréda kasang tukang sosial budaya jeung basana. Ku ayana ieu fungsi dipiharep bangsa Indonesia utamana urang Sunda nu boga ragam kasang tukang sosial budaya jeung béda-béda basana bisa ngahiji jeung raket dina rasa kabangsaan, cita-cita, jeung sanasib dina kahirupanana, sabab maranéhanana teu ngarasa pagirang-girang tampilan jeung henteu ngarasa dijajah ku masyarakat suku séjén. Di nagara Indonesia sajaba ti maké basa Indonesia ogé maraké basa daérah séwang-séwangan. Kalungguhan jeung fungsi basa daérah masih ajeg. Malah basa daérah bisa nambahan kabeungharan hasanah bahasa nu aya di nagara Indonesia.

Dina seuhseuhanana unggal basa nu digunakeun di ieu alam dunya téh miboga variasi atawa diferensiasi. Hiji variasi bisa ngawujud bédana ujaran atawa lisan hiji jalma ti waktu ka waktu, sok sanajan bédana téh keur waktu dina hiji tempat ka tempat nu séjén. Ieu variasi basa téh disebut ragam basa.

Hal ieu luyu jeung pamadegan Sudaryat, (2013, kc.3) yén basa Sunda lahir bareng jeung masyarakat Sunda katut budayana. Dina hirup kumbuhna, basa Sunda téh miboga anéka ragam basa.

Ragam basa Sunda anu dipaké di daérah atawa wewengkon téh geus lila disebut basa Sunda wewengkon. Ieu basa téh katangén tina lentong jeung kekecapanana. Ari ragam basa téh disawang tina jihad nu makéna nyoko kana wewengkon, tahap atikan, jeung sikep panyaturna; biasana tina jihad makéna anu nyoko kana jejer, omongan, sarana, jeung sifat pasosokna.

Nurutkeun cara nepikeunana, ragam basa Sunda téh di antarana aya ragam basa lisan jeung ragam basa tulisan. Ragam basa lisan nyaéta nepikeun hiji basa nu diucapkeun langsung maké intonasi, pepeta, jeung pasemon, pikeun ngagambarkeun eusi hate nu kawengku ku situasi, kondisi, jeung waktu. Sedengkeun dina ragam basa tulisan mah ditepikeunana dina wangun kalimah nu ditulis nu madoman kana aturan nu aya, hal ieu luyu jeung pamadegan Sudaryat, spk. (2013, kc. 5) yén disawang tina medium makéna aya ragam basa lisan anu dipaké dina paguneman atawa biantara, aya ragam basa tulis anu dipaké dina surat, koran, majalah, jeung buku.

Ragam bahasa lisan mangaruhan ka nu nyarita jeung nu diajak nyarita. Diantarana aya sikep formal, akrab, salsé, atawa sinis. Hal ieu luyu jeung pamadegan Sudaryat, spk. (2013, kc. 4) yén ragam basa nurutkeun makéna basa disawang tina jejer jihad omongan, medium, atawa sarana, jeung sifat pasosokna. Disawang dina jejer omongan aya ragam basa urang réa (balaréa) anu ilahar dipaké sapopoé jeung ragam basa urang, ari nu dipaké khusus dina widang jurnalistik kaélmu sastra jeung agama.

Ragam basa lisan ogé kapangaruhan ku sikep nu nyarita ka anu diajak nyarita. Hal éta lamun milih kecap-kecap sarta ngagunakeun aturan tatabasa. Ieu ragam basa téh biasana disebut gaya. Unggal nu maké basa miboga kaparigelan nu

béda-béda. Eta kaparigelan ngagunakeun ragam basa téh lain ngan saukur warisan, tapi ngaliwatan tahapan diajar nu mangrupa latihan pikeun ngajembaran pangalaman.

Rusyana dina Supriyatna (1997, kc. 62) nétélakeun yén dina waktu ngalakukeun komunikasi, para siswa kaasup dwibahasawan, maranéhanana ngagunakeun leuwih ti dua basa, nya éta basa daérah, basa Indonesia, jeung basa asing. Ieu basa téh ngabogaan fungsi pikeun basa panganteur di sakola jeung mata pelajaran nu lumangsung terus-terusan dina waktu nu lila. Tangtu waé hal ieu bakal ngakibatkeun pacorokna dua basa atawa leuwih kana basa séwang-séwangan. Hal ieu bisa mangaruhan kana makéna basa, nu bisa ngakibatkeun ayana kalahan-kasalahan dina unsur leksikal jeung gramatikal (morfologi, sintaksis, jeung léksikon) basa nu luyu jeung aturan tata basana.

Dipakéna basa anu luyu jeung kaédahna, boga tujuan sangkan fungsi basa minangka alat komunikasi bisa kahontal kalawan nyugemakeun. Pikeun ngahontal éta hal perlu ayana pangajaran basa. Ari pagajaran basa digiring sangkan siswa parigel dina nyarita, boh lisan boh tulisan. Pangajaran basa salian ti ningkatkeun kaparigelan makéna basa, ogé pikeun ningkatkeun kamampuh mikir, nepikeun gagasan, perasaan/ émosi, pamadegan, kahayang, nepikeun informasi ngeunaan hiji kajadian, jeung kamampuh ngajembaran wawasan.

Pangajaran basa ogé diarahkeun kana hakékat basa minangka alat komunikasi. Sakumaha nu dipikawanoh, yén ayeuna oriéntasi pangajaran basa robah tina pangajaran aspék wangun ka pangajaran nu ngutamakeun kana aspék fungsi. Salah sahiji fungsi basa nyaéta pikeun alat ngaraketkeun masyarakat anu baréda kasang tukang sosial budaya jeung basana. Ku ayana ieu fungsi dipiharep bangsa Indonesia utamana urang Sunda nu boga ragam kasang tukang sosial budaya jeung béda-béda basana bisa ngahiji jeung raket dina rasa kabangsaan, cita-cita, jeung sanasib dina kahirupanana, sabab maranéhanana teu ngarasa pagirang-girang tampilan jeung henteu ngarasa dijajah ku masyarakat suku séjén. Di nagara Indonesia sajaba ti maké basa Indonesia ogé maraké basa daérah séwang-séwangan. Kalungguhan jeung fungsi basa daérah masih ajeg. Malah basa daérah bisa nambahan kabeungharan hasanah bahasa nu aya di nagara Indonesia.

Patalina jeung pangajaran basa Sunda di pasisian Kabupatén Bogor, utamana di SMAN 1 Cibungbulang, kapanggih aya pasualan penting, di antarana waé,

Para siswa SMAN I Cibungbulang nu aya di pasisian Kabupaten Bogor, teu sakabéh siswana urang Sunda, tapi loba ogé diantara siswana nu asalna ti daérah séjén di luar Jawa Barat, misalna urang Padang, Medan, Riau, Madura, Jakarta, jeung daérah séjénna. Ku sabab kitu, dina ngalakukeun komunikasi lisan téh para siswa ngagunakeun dua basa atawa leuwih, nyaéta Basa Indonesia jeung Basa Sunda. Hal ieu daék-teu daék bakal mangaruhan kana ragam basa Sunda nu digunakeun ku siswa.

Nurutkeun Sudaryat, spk. (2013, kc. 5), aya hal pangdorong dipakéna basa Sunda téh, salasihijina patali jeung batur nyarita. Lamun batur nyarita saluhureun, dorongan pikeun ngagunakeun basa Sunda leuwih gedé batan ka sahandapeun. Bisa katangen hiji anak bakal ngagunakeun basa Sunda lamun nyarita jeung kolotna, tapi ari jeung dulur atawa babaturan mah ngagunakeun basa Indonésia atawa basa Sunda dicampur ku basa Indonesia.

Para siswa SMAN I Cibungbulang nu asalna urang Sunda mah jeung papada baturna téh masih tetep ngagunakeun basa Sunda, nalika di luar kelas, upamana waé dina waktu istirahat. Tapi ku sabab kapangaruhan ku hubungan sosial jeung babaturanana nu asalna lain urang Sunda, nalika nyarita ngagunakeun basa Sunda ragam lisan téh bakal robah kana basa séjén (alih kode), nu ngabalukarkeun pacorokna kekecapan dina dua basa nu digunakeun (campur kode). Hal ieu nu ngabalukarkeun ayana kasalahan-kasalahan makéna basa. Eta kasalahan téh kapanggih dina unsur leksikal jeung gramatikal, boh dina morfologi boh dina sintaksisna.

Kaayaan situasi basa samodél kitu nu kapanggih di wilayah Cibungbulang Kabupatén Bogor téh pikatajieun tur perlu ditalungtik, utamana mah ngeunaan ragam basa lisanna. Nepi ka ayeuna can aya panalungtikan anu ngulik tur medar kalawan husus ngeunaan ragam basa Sunda lisan di lingkungan sakola di Kacamatan Cibungbulang Kabupaten Bogor. Eta ogé aya panalungtikan ragam basa Sunda nu kungsi dilaksanakeun, di antarana waé, “Ragam jeung Adegan Basa

dina Upacara Adat Ritus Tiwu Pangantén di Kacamatan Babakan Kabupatén Cirebon” (Nida Kania Dewi, 1913); “Ragam Basa Lisan jeung Tulisan Siswa Kelas X Jurusan Akomodasi Perhotelan SMK Negeri 3 Bogor” (Januar Prayitno, 2014); jeung “Ragam Basa di Kacamatan Pakisjaya Kabupatén Karawang” (Nanang Sunendar, 2016).

Eta tilu panalungtikan téh ngagarap ragam basa dina situasi nu béda-béda, nyaéta dina upacara adat, di lingkungan sakola, jeung di lingkungan masarakat. Sanajan panalungtikan kadua sarua pada-pada dilaksanakeun di lingkungan sakola, tapi aya bédana. Panalungtikan nu kungsi dilaksanakeun leuwih museur kana kahasan makéna basa Sunda di lingkungan vokasi perhotelan. Ari panalungtikan anu ayeuna dilksanakeun leuwih museur kana ragam makéna basa Sunda lisan di lingkungan sakola, anu kasang tukang siswana béda-béda sélér bangsana. Ari ulikanana disawang tina jihat adegan leksikal jeung adegan morfologis. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Ragam basa Sunda Lisan Siswa Kelas XI SMAN I Cibungbulang nu aya di Kacamatan Cibungbulang Kabupaten Bogor (Ulikan Adegan Léksikal jeung Morfologis)” dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Ulikan ngeunaan ragam basa téh kaitung lega, disawang tina médiumna aya ragam basa lisan jeung ragam basa tulis. Disawang tina nu makéna, aya basa keur sadirieun jeung basa keur ka batur. Disawang tina daérah dipakéna, aya basa di kota jeung aya basa di pasisian; aya basa Sunda lulugu aya basa Sunda wewengkon. Nurutkeun atikan formal, aya basa Sunda nyakola jeung basa Sunda teu nyakola. Nurutkeun sikep panyatur, aya ragam basa Sunda lemes (hormat) jeung ragam basa Sunda kasar (teu hormat). Disawang tina jejer omongan, aya ragam basa Sunda urang réa jeung ragam basa Sunda urang aré. Disawang tina jihat pasosokna, aya ragam basa nyunda jeung ragam basa teu nyunda (Sudaryat, 2013, kc 3-5).

Sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan diwatesanan ngan saukur nalungtik ragam basa Sunda lisan dina situasi nonformal nu dipaké ku

siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang. Ari ulikanana disawang tina tataran adegan léksikal jeung adegan morfologis.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan téh dipertélakeun dina wangun pananya ieu di handap.

- a. Kumaha unsur léksikal basa Sunda ragam lisan siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang Kecamatan Cibungbulang Kabupaten Bogor ?
- b. Kumaha adegan morfologis basa Sunda ragam lisan siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang kacamatan Cibungbulang Kabupaten Bogor?
- c. Naha aya campur kode dina basa Sunda ragam lisan siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang Kacamatan Cibungbulang Kabupaten Bogor?
- d. Faktor-faktor naon waé nu mangaruhan ayana campur kode basa Sunda ragam lisan siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang Kecamatan Cibungbulang Kabupatén Bogor?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku dua aspék nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta ngadeskripsikeun kumaha ragam basa Sunda lisan siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang di Kacamatan Cibungbulang Kabupatén Bogor.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun

- a. unsur léksikal nu digunakeun dina basa Sunda ragam lisan siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang Kacamatan Cibungbulang Kabupatén Bogor;

- b. adegan morfologis nu digunakeun dina basa Sunda ragam lisan siswa kelas XI SMAN 1 Cibungbulang Kacamatan Cibungbulang Kabupaten Bogor;
- c. campur kode nu digunakeun dina basa Sunda ragam lisan siswa kelas XI SMAN 1 Cibungbulang Kacamatan Cibungbulang Kabupaten Bogor; jeung,
- d. faktor-faktor nu mangaruhan ayana campur kode dina basa Sunda ragam lisan siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang Kecamatan Cibungbulang Kabupatén Bogor.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun ngajembaran élmu sosiolinguistik hususna ngeunaan basa Sunda di lingkungan sakola. Ditilik tina segi sosial ieu hasil panalungtikan teh malah mandar bisa méré sasieureun sabeunyeureun kana pangajaran basa Sunda hususna di SMAN I Cibungbulang, jembarana di SMA nu aya di tatar Sunda. Sajaba ti éta, dijadikeun tétécéan keur nu rék nuluykeun ieu panalungtikan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan aya mangpaatna, di antarana waé :

- a. Pikeun panalungtik, bisa dijadikeun tétécéan pikeun nu rék nuluykeun panalungtikan.
- b. Pikeun guru, bisa dijadikeun tinimbangan pikeun ningkatkeun kamampuh siswa dina pangajaran basa Sunda ragam lisan.
- c. Pikeun siswa, bisa nimbulkeun kareueus siswa pikeun tetep maké jeung miara basa Sunda jeung sasama di lingkungan sakola jeung lingkungan masarakat.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika panulisan dina ieu tésis ngawengku lima bab.

BAB I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, identifikasi masalah panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan tiori, eusina ngeunaan ragam basa, léksikal, morfologis, jeung campur kode.

BAB III Metodologi Panalungtikan, eusina ngeunaan lokasi jeung sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan, tahap ngumpulkeun data panalungtikan, jeung analisis data panalungtikan.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Ieu bab eusina ngeunaan ragam basa Sunda lisan siswa kelas XI SMAN I Cibungbulang Kacamatan Cibungbulang Kabupaten Bogor ulikan léksikal jeung morfologis.

BAB V Kacindekan jeung Saran. Ieu bab eusina ngeunaan kacindekan tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun sarta saran nu nyusun pikeun lajuning laku kana ieu hasil panalungtikan anu lumangsung di kelas XI SMAN I Cibungbulang Kacamatan Cibungbulang Kabupatén Bogor.